



# 10 bagay pou konnen osijè nouvo kat Medicare ou

Medicare ap voye pa lapòs nouvo kat Medicare yo apati mwa Avril 2018. Men 10 bagay pou konnen osijè nouvo Kat Medicare ou:

- 1. Lapòs pran tan:** Kat ou ka pa rive menm lè avèk pa zanmi oswa vwazen ou.
- 2. Destroy your Kat Medicare:** Depi ou fin resevwa nouvo kat Medicare ou, detwi ansyen kat Medicare la epi kòmanse itilize nouvo kat ou a touswit.
- 3. Gade kat ou:** Bay nouvo Nimewo Kat Medicare ou sèman a doktè, famasyen, lòt pwofesyonèl swen sante, konpayi asirans ou, oswa moun ou fè konfyans pou travay nan on ou.
- 4. Nimewo Medicare ou inik:** Kat ou a gen yon nouvo nimewo olye de Nimewo Sekirite Sosyal ou. Nouvo nimewo sa inik a oumenm.
- 5. Nouvo kat ou a se papyè:** Kat an papyè pi fasil pou anpil pwofesyonèl swen sante itilize ak kopye, e yo ekonomize kontribyab yo anpil lajan, Anplis, ou ka enprime pwòp kat ranplasman w si ou bezwen youn!
- 6. Kenbe nouvo kat ou avèk ou:** Pote nouvo kat yo epi montre pwofesyonèl swen sante w li lè ou bezwen swen.
- 7. Doktè w konnen lap vini:** Doktè, lòt etablisman ak pwofesyonèl swen sante yo pral mande w nouvo kat Medicare ou lè ou bezwen swen.
- 8. Ou ka jwenn nimewo ou:** Si ou bliye nouvo kat ou, oumenm, doktè w oswa lòt pwofesyonèl swen sante ka anmezi pou gade nimewo Medicare w sou entènèt.
- 9. Kenbe Kat Advantage Medicare ou:** Si ou nan yon Plan Medicare Advantage (tankou yon HMO oswa PPO), kat ID Plan Advantage Medicare ou se kat prensipal ou pou Medicare –ou ta dwe toujou kenbe epi itilize l lè ou bezwen swen. Toutfw, yo ka toujou mande w nouvo kat Medicare, kidonk ou ta dwe toujou pote kat sa avèk ou.
- 10. Èd disponib:** Si ou pa resevwa nouvo kat Medicare ou nan mwa **Avril 2019**, rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo ka rele 1-877-486-2048.

Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon Medicare nan yon fòma aksesib, tankou gwo enpresyon, bray, oswa odyo. Ou gen dwa tou pou depoze yon plent si ou santi yo te fè diskriminasyon kont ou. Vizite [CMS.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice.html](https://www.cms.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice.html), oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou w jwenn plis enfòmasyon. Itilizatè TTY yo ka rele 1-877-486-2048.

